# पहिले पहिल छठी मैया

पहिले पहिल हम कईनी,
छठी मईया व्रत तोहार,
करिहा क्षमा छठी मईया,
भूल-चूक गलती हमार।

गोदी के बलकवा के दिहा,
छठी मईया ममता-दुलार,
पिया के सनईहा बनईहा,
मईया दिहा सुख-सार।

नारियल-केरवा घोउदवा,
साजल नदिया किनार,
सुनिहा अर्ज छठी मईया,
बढ़े कुल-परिवार।

घाट सजेवली मनोहर,
मईया तोरा भगती अपार,
लिहिएं अरग हे मईया,
दिहीं आशीष हजार।

https://www.bhajanganga.com/bhajan/lyrics/id/24672/title/pahile-pahil-chhathi-mayia

अपने Android मोबाइल पर BhajanGanga App डाउनलोड करें और भजनों का आनंद ले |